

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kasenan gembyung mangrupa salasahiji kasenan tradisional nu hirup jeung mekar di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kabupatén Sumedang. Ieu kasenan miboga fungsi pikeun acara ritual anu masih kénéh dipaké sarta miboga ajén-inajén nu dijadikeun papagon hirup ku masarakat kampung Nagrog.

Sacara umum, Widyosiswoyo (2009, kc. 77) nétélakeun yén kasenan hiji wewengkon jeung wewengkon nu séjénna teu sarua, hal éta didumasaran ku tempat jeung lokasina. Ku kituna kasenan téh dibagi tilu rupa nya éta, 1) kasenan rakyat, 2) kasenan keraton, jeung 3) kasenan kota. Kasenan rakyat sifatna lokal atawa tradisional dianggap jadi bagian tina kahirupan masarakat.

Kasenan rakyat mangrupa seni munggaran gelar anu aya di Indonesia disebut ogé seni tradisional. Sipatna éta kasenan masih kénéh asli tur ilaharna disebut kasenan daérah. Kasenan daérah geus jadi ciri has nu tangtu di unggal wewengkon miboga peran pikeun masarakat anu ngalakukeunna, sarta fungsi pikeun minuhan pangabutuh manusa geusan nyumponan kasugemaan batin.

Nurutkeun Adhisantika (1992, kc. 3) kasenan gembyung mangrupa kamekaran tina kasenan terebang. Istilah terebang nyokot tina ngaran waditrana “terebang” nya éta, alat kasenan anu dijieunna tina kai jeung kulit domba, cara ngagunakeuna ditepak. Dina kasenan terebang waditra anu dipakéna terebang jeung kendang. Lila ti lila kasenan terebang instruménna ditambahan ku goong leutik, goong gedé, ronggeng mekar jadi kasenan gembyung .

Kasenan gembyung miboga fungsi pikeun média ritual sarta mekar jadi pintonan. Ieu hal lantaran loba masarakat anu hayang mintonkeun éta kasenan saperti dina acara ékahan, kawinan jrrd. Dina ieu kasenan teu ngan saukur mintonkeun syair-syair kaagamaan tapi ditambahan ku pintonan lagu-lagu di antarana: Cisanggéan, Brang, Ècéng Gondok, Gandarian, Kembang Beureum, Kidung, Adem Ayem jrrd.

Salaku média ritual kasenian gembyung miboga fungsi pikeun tolak bala anu raket patalina jeung kapercayaan nu aya di masarakat. Kapercayaan atawa sistem réligi patali jeung upacara-upacara kaagamaan. Dina ieu kasenian aya upacara kaagamaan nu disebut ngaruwat nya éta acara numbal. Sasajén-sasajén anu disadiakeun di antarana: tangkal hanjuang, samara (*bumbu dapur*), hayam nu di jerona miboga maksud jeung udagan nu tangtu dilambangkeun ngaliwatan simbol-simbol.

Simbol mangrupa bagian tina tanda. Herusatoto dina (Sobur, 2009, kc. 155) nétélakeun yén simbol asal kecapna tina basa Yunani “symbolos”, anu hartina tanda atawa ciri pikeun nepikeun hiji hal ka jalma nu lian. Nurutkeun Pierce dina (Isnéndés, 2009, kc. 40) simbol nya éta tanda anu miboga hubungan antara tanda jeung *dénotatumna* ditangtukeun ku hiji aturan umum pikeun nu maké éta simbol. Hartina, simbol lumaku dumasar kana konvénsi nu maké éta simbol.

Nasib kasenian gembyung jaman kiwari geus teu pati dipaliré ku masarakat. Aya sababaraha faktor nu jadi hahalang kana kamekaran kasenian gembyung. Nu kahiji, apresiasi kana kasenian gembyung geus turun. Ieu hal teu leupas ti loba alternatif – alternatif hiburan séjén anu bisa ditongton leuwih babari. Nu kadua, pangaruh globalisasi kana kasenian lokal katitén tina beuki majuna sistem teknologi komunikasi jeung informasi saperti komputer, internet, *handphone*, program-program tipi, radio, surat kabar jeung majalah. Nu katilu, krisis generasi nya éta geus euweuh generasi ngora nu hayang nuluykeun jeung mertahankeun seni tradisi anu diwariskeun ku para karuhun {sumedangonline.com/news/seni-dan-budaya}.

Dina unggal hal pasti aya untung jeung rugina. Kitu deui dina ieu panalungtikan. Kauntunganana bisa wanoh kana kasenian gembyung nu aya di kampung Nagrog. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan ajar pedaran kasenian daerah nu aya di wewengkon, anu perlu ditepikeun ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Nurutkeun Darmadi dina (Rosdiani, 2013, kc. 13) sakola mangrupa lembaga formal salaku salasihiji tempat narima jeung méré informasi sarta ngawanohkeun rupa-rupa hal pikeun ngamumulé kabudayaan. Élmu pangaweruh ngeunaan kasenian daérah teu wungkul dicangking di masarakat tapi bisa ogé di sakola.

Silvia Mega Utami, 2015

SIMBOL-SIMBOL DINA KASENIAN GEMBYUNG DI KAMPUNG NAGROG DÉSA CIPANAS KECAMATAN TANJUNGPURTA KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Salah sahiji cara anu bisa dilakukeun sangkan kasenian daérah bisa dipikawanoh ku budak sakola, di antarana aya pangajaran anu husus medar ngeunaan kasenian atawa saeutikna diselapkeun waktu pangajaran lumangsung nu aya patalina jeung kabudayaan. Ku kituna, pikeun ngawanohkeun deui ieu kasenian nu jadi sasaranna nya éta para siswa. Panalungtik miboga rarancang pikeun nyieun materi pangajaran maca artikel, ngeunaan pedaran kasenian gembyung nu aya di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang.

Saenyana mah panalungtikan ngeunaan kasenian gembyung geus aya dilakukeun saméméhna, di antarana:

- 1) “Kesenian Gembyung pada Acara Khitanan di Kampung Karoya Desa Sindangtaman Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis”. Ieu tulisan mangrupa hasil panalungtikan Indra Jaya (2010) dina wangun skripsi. Eusina ngabahas teknik ngagunakeun instrumen sarta struktur lagu anu dipaké dina kasenian Gembyung nu aya di kampung Karoya.
- 2) “Seni Tradisi Gembyung di Kampung Banceuy Kabupaten Subang 1975-1999 (Suatu Kajian Historis Terhadap Sosial Budaya Masyarakat”. Ieu tulisan mangrupa hasil panalungtikan Iis Melda (2011) dina wangun skripsi. Eusina ngabahas kasenian Gembyung nu aya di daérah kampung Banceuy Kabupatén Subang. Eusina mangrupa tilikan *historis* kasajarahen kasenian Gembyung di kampung Banceuy.
- 3) “Ajén Estetika dina Kasenian Gembyung di Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII”. Ieu tulisan mangrupa hasil panalungtikan Opah Ropiah (2013) dina wangun skripsi. Eusina ngabahas ajén éstétika naon waé nu aya dina kasenian Gembyung di Kabupatén Subang.

Tétéla perkara simbol-simbol dina kasenian gembyung tacan aya nu nalungtik. Hal éta nu jadi alesan perluna ngayakeun panalungtikan. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan “Simbol-Simbol Kasenian Gembyung di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Tilikan Struktural jeung Sémiotik)” perlu dilaksanakeun.

Silvia Mega Utami, 2015

SIMBOL-SIMBOL DINA KASENIAN GEMBYUNG DI KAMPUNG NAGROG DÉSA CIPANAS KECAMATAN TANJUNGKERTA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

Panulis ngidentifikasi jeung ngarumuskeun masalah anu aya sangkan mikaweruh sarta ngajawab masalah anu geus dipedar dina kasang tukang masalah.

1.2.1 Identifikasi Masalah

Pedaran ngeunaan simbol-simbol dina kasenian gembyung téh lega pisan. Masalah anu baris dipedar dina ieu panalungtikan nya éta asal-muasal, gembengan prak-prakan, simbol-simbol naon waé nu nyangkaruk dina kasenian gembyung di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah diluhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha kaayaan kasenian gembyung nu aya di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupaten Sumedang ?
- 2) Kumaha struktur pintonan kasenian gembyung nu aya di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupaten Sumedang ?
- 3) Simbol-simbol naon waé nu nyangkaruk dina kasenian gembyung nu aya di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupaten Sumedang ?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal paripolah tangtu miboga tujuan, kitu deui dina ieu panalungtikan aya udagan anu kudu dihontal. Ku kituna, luyu jeung kasang tukang nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan boh sacara umum boh sacara husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Silvia Mega Utami, 2015

SIMBOL-SIMBOL DINA KASENIAN GEMBYUNG DI KAMPUNG NAGROG DÉSA CIPANAS KECAMATAN TANJUNGKERTA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara umum, tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun mikaweruh ngeunaan kasenian gembyung di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang sarta mikaweruh kumaha prak-prakanana seni gembyung.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kaayaan kasenian gembyung nu aya di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang;
- 2) struktur pintonan kasenian gembyung nu aya di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang;
- 3) simbol-simbol naon waé nu nyangkaruk dina kasenian gembyung nu aya di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang; jeung
- 4) ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Salian ti miboga tujuan panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat kana widang séjénna, anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan simbol-simbol dina kasenian gembyung, hususna dina pangajaran basa Sunda pikeun bahan ajar. Salian ti éta, ogé pikeun kaperluan panalungtikan anu leuwih jero keur kaharepna ngeunaan kasenian gembyung di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat teoritis nu dipedar saméméhna. Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis nu dipertélakeun ieu di handap.

- 1) Pikeun numuwuhkeun kasadaran masarakat kana pentingna ngamumulé kasenian tradisional, hususna seni gembyung di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang.
- 2) Pikeun guru, bisa jadi pangdeudeul pangajaran kasenian jeung budaya Sunda di sakola.

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Sistematika nyusun ieu skripsi kabagi kana lima BAB jeung sababaraha sub bagian, susunanna sakumaha ditétélakeun ieu di handap.

BAB I Bubuka eusina ngawengku : kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nyusun skripsi.

BAB II Ulikan Tiori anu eusina medar perkara anu aya hubunganna jeung konsep sémiotik, kasenian gembyung di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang, jeung bahan pangajaran maca artikel.

BAB III Méthode Panalungtikan ngawengku : méthode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, desain panalungtikan, lokasi jeung sumber, wangenan operasional, jeun analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan, ngawengku pedaran ngeunaan sajarah kasenian gembyung, gambaran prak-prakan kasenian gembyung, déskripsi simbol-simbol dina kasenian gembyung, impleméntasi pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

BAB V Kacindekan jeung saran mangrupa gurat badag tina hasil panalungtikan.